

Biwo Sèvis Sipò Timoun Nan Vil New York (Office Of Child Support Services, OCSS)

Pwogram pou ede paran ki pa gen lagad yo

Administrasyon Resous Imèn (HRA) Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (OCSS) la se yon pwogram federal obligatwa pou sipòte timoun yo. OCSS retire plizyè milye timoun nan povrete epi li fyè sou kantite pwogram li mete disponib pou paran yo.

PWOGAM REDIKSYON DÈT

OCSS konprann dèt kèlkeswa sous yo sòti a kapab genyen yon efè negatif sou sante mantal ak fizik yon moun. Rechèch sijere sa kapab afekte fanmi yo okonplè tou. Atravè pwogram rediksyon dèt yo, OCSS kapab diminye aryere yo (dèt) ou genyen pou Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) Vil New York lan nan yon fason ki pèmanan. Depi 2009, OCSS te redui prèske \$274 milyon dola nan dèt yo dwe Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (DSS) atravè pwogram ki pi ba yo.

Ale sou <https://nyc.gov/ocss-debt-reduction> pou ou aprann plis sou pwogram yo epi jwenn aksè ak fòm ak bwochi ki tradui yo. Si w gen kesyon, voye yon imel nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us epi ekri “debt reduction” (rediksyon dèt) nan espas sijè a. Mete non konplè w, nimewo idantifikasyon dosye sipò timoun nan, ak dat nesans ou.



- Limit aryere yo a \$500 lè paran ki pa gen lagad la (NCP) touche yon montan ki nan nivo povrete federal la oswa yon montan ki pi ba.
- Telechaje aplikasyon Anglè a sou <https://bit.ly/ArrearsCapApp> oswa aplikasyon mobil la sou <https://nyc.gov/childsupportmobile>.



- Benefisye \$5,000 chak ane lè w peye sipò timoun nan nèt pou yon ane. Resevwa jiska yon kredi \$15,000 sou 3 ane oswa jiska kantite lajan dèt yo dwe DSS la.
- Telechaje aplikasyon anglè a sou <https://bit.ly/ArrearsCreditApp> oswa jwenn aplikasyon mobil la sou <https://nyc.gov/childsupportmobile>.



- Diminye jiska \$7,500 nan aryere DSS lè w patisipe nan yon pwogram tretman kont itilizasyon sibstans oswa lè w jwenn epi kenbe yon nouvo travay nan Pwogram Travay DSS la.



- Fè yon peman – redwi dèt DSS ou an doub.
- Peye montan prensipal sou jijman an ou dwe peye NYC DSS la epi y ap retire enterè w la.
- Aprann plis sou <http://nyc.gov/payitoff>.

SÈVIS MEDYASYON

Medyatè yo resevwa fòmasyon pou yo koute, pou yo jis, epi kenbe yon konvèsasyon ki an sekirite ak pwodikatif. Medyatè yo ede avèk:



- Peman sipò timoun anreta ke paran ki gen gad la dwe
- Pwochen peman sipò timoun yo
- Akò pou sipò timoun
- Kominikasyon sou kesyon ki genyen rapò ak paran yo
- Gad timoun oswa dwa pou vizit
- Lòt kalite konfli

Jwenn plis enfòmasyon nan <https://bit.ly/MediationBrochure> oswa voye yon imèl bannou nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us ak sijè “Mediation”.

Sèvis Travay

OCSS fè yon patenarya ak founisè travay pou ofri paran ki pa gen gad la (NCP) aksè nan sèvis travay.



- Konekte NCP yo ak pwogram ak sèvis travay.
- Gen plis enfòmasyon nan www.courtinnovation.org/programs/parent-support-program.

SÈVIS FÒMAYSON POU TRAVAY



- Fòmasyon travay gratis pou NCP yo ki gen yon dosye pansyon alimentè pou timoun nan Vil New York NYC.
- Fòmasyon ki disponib nan sektè konstriksyon, transpò, TI, ak sipò sante.
- Rele (929) 221-5015 oswa voye yon imèl: OCSS.Employment@dfa.state.ny.us. Ekri non w ak nimewo dosye pansyon alimentè pou timoun ou an oswa dat nesans ou.



- Pwogram travay pou rezidan lojman piblik Vil New York.
- Ofri sèvis tankou preparasyon pou travay, fòmasyon, ak asistans pou chèche travay.
- Jwenn plis enfòmasyon sou opportunitynyc.org/workforce-development/jobs-plus/.

- Konekte NCP yo ak travay yo nan chak sektè atravè senk awondisman yo.
- Resevwa fòmasyon gratis pou travay, asistans pou chèche travay, ak preparasyon pou entèvyou.
- Jwenn plis enfòmasyon sou www1.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page.



- Voye enfòmasyon sou nouvo ouvèti travay yo, dirèkteman sou telefòn selilè moun k ap chèche travay yo.
- Sektè yo gen ladan yo swen sante, vann an detay, sekirite, transpò, edikasyon, elatriye.
- Tape "Jobs" nan 877877 pou resevwa alèt travay oswa enskri nan www1.nyc.gov/site/businesslink/contact/txt-2-work.page.

Akò Modifikasyon Òdonans yo

NCP kapab resevwa èd pou modifiye yon òdonans jidisyè pou sipò timoun avèk èd yon manm ekip Sèvis Kliyantèl OCSS lan. Jwenn plis enfòmasyon pandan w ap voye yon imèl nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us avèk sijè "Akò" oswa aprann plis nan <https://bit.ly/changeyourorder>.



- Apwòch ki bay sipò nan yon fason amikal pou modifiye yon òdonans sipò timoun.
- Ki fèt pou pran mwens tan pase pwosesis tribinal tradisyonèl la. Yon odyans tribinal toujou rete obligatwa pou jwenn yon òdonans sou konsantman.
- OCSS ede NCP yo ranpli papye travay yo mande yo.
- Paran ki gen gad timoun lan dwe patisipe si yo p ap resevwa asistans lajan kach.

Resous adisyonèl yo

Anba a gen kèk resous adisyonèl OCSS ta renmen mete aksan sou yo pou NCP yo.

- Metòd Peman Sipò Timoun: <https://on.nyc.gov/paymentmethods>
- Kredi pou revni paran ki pa gen lagad (EITC): www.tax.ny.gov/pit/credits/nceic.htm
- Gad, vizit, ak sipò pou timoun: <https://nyc.gov/hra/ocss>
- Aplikasyon mobil pou sipò timoun: <https://nyc.gov/childsupportmobile>
- Sipò pou Timoun "How To Videos": <https://bit.ly/OCSSYouTube>
- ACCESS HRA: <https://nyc.gov/accesshra>
- ACCESS NYC: <https://access.nyc.gov>



Aplikasyon mobil pou sipò timoun

Fòm dijital ke yo ka ranpli ak soumèt lè ou peze yon bouton, mete ajou enfòmasyon kontak, aplike pou pwogram rediksyon dèt, ak plis ankò.

nyc.gov/childsupportmobile

Aprann plis jodi a nan <https://nyc.gov/hra/ocss> oswa voye imèl pou nou nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us (ajoute non w okonplè, ID Dosye a, epi dat nesans ou).